

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national

BP 1572

Port-au-Prince Haïti 6110

Tel / Fax 222 78 99

justicepaixha@yahoo.com

jilap.national@forumcitoyen.org.ht

www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Nòt pou laprès sou eleksyon endirèk yo

Komite Egzekitif Nasyonal Komisyon Jistis ak Lapè te reyini nan Vila Manrèz nan dat 1 rive 5 oktòb 2007. Manm yo sòti nan tout departman yo nan peyi a. Nan rankont sa a nou te pataje kè sote nou, lè nou wè **nouvo blokaj ki genyen nan pwosesis elektoral la nan peyi a.**

Depi 3 desanm 2006, yo gen tan fè eleksyon pou kolektivite teritoryal yo nan peyi a. Nan dat 21 avril 2007, yo te reprann yo kèk kote. Nan dat 25 jiyè ak 11 septanm 2007, jounal ofisyèl peyi a gen tan pibliye rezilta yo. KEP la fin prepare yon avan pwojè lwa pou òganize eleksyon endirèk nan peyi a, yo renmèt bay Egzekitif la depi 24 me 2007. Depi lè sa, anyen pa di ankò sou eleksyon yo.

Laprès kòmanse pale sou eleksyon pou senatè, epi y ap diskite sou yon KEP pèmanan. **Men pa kab gen KEP pèmanan, si eleksyon endirèk ki gen awè ak kolektivite teritoryal yo pa fin fèt anvan.**

Eske se yon nouvo kriz nan enstitisyon yo ki devan n ? Pouvwa Egzekitif la genyen yon gwo responsablite, paske balon an nan pye l. Se li k pou kreye kondisyon ki pèmèt yo òganize eleksyon endirèk yo.

Anpil moun pa fin enterese nan eleksyon endirèk yo, paske yo pa wè enpòtans yo genyen. Epoutan :

- Se eleksyon endirèk yo ki pou pèmèt **Asanble minisipal** yo kanpe ak reprezantan seksyon kominal yo ladan l.
- Se eleksyon endirèk yo ki pou mete kanpe **Asanble departmantal** yo ak **Konsèy tout departman yo.**
- Se Asanble departmantal yo ki pou pwopoze kandida pou **KEP pèmanan** an.
- Se Asanble yo nan divès nivo, chak selon konpetans yo, ki gen pou prepare lis kandida pou nonmen jij nan divès nivo Pouvwa jidisyè a.
- Se Asanble yo ki pou reprezante popilasyon an lè y ap deside sou yon plan devlopman pou tout Nasyon an.

Tout travay sa a rete nan wout, paske Egzekitif la pa mande Palman an vote lwa sou eleksyon endirèk yo. Men an menm tan, anpil abi fèt atravè tout peyi a, paske otorite santral la pa pran responsablite l :

- Anpil kote, katèl delege vil yo gen tan prete sèman epi yo resevwa badj. Epoutan, delege vil pou kont kò yo pa kapab fè yon Asanble minisipal.
- Feblès enstitisyon yo ak mank bon konprann sou wòl yo louvri pòt byen laj pou tout kalite enjistis, vyolasyon dwa moun, banditis ak ensekirite kay peyizan yo.

- Plizyè Kasèk gen tan tounen jij ak chèf seksyon : yo arete moun, bay moun manda, fikse pri kontravansyon. Gen nan yo ki nonmen èd Kasèk, oswa yo sèvi ak depistè, tankou ansyen choukèt lawouze yo nan tan chèf seksyon yo. Plizyè abi konsa fèt anpil kote nan peyi a, tankou Fon Batis ak Ti Gwav (nan departman Lwès), Lamontay (nan Sidès), nan departman Nòdwès ak nan Grandans. Pou bay egzanp sa yo sèlman.

Peyi a pa kapab sipòte yon lòt kriz enstitisyonèl ankò. Tout moun ki gen pouvwa nan men yo, nan ka sa a Pouvwa Egzekitif la, dwe veye sou òganizasyon ak bon fonksyonman estrikti Leta yo.

Nou mande pou Egzekitif la pran tout desizyon ak dispozisyon ki nesèsè pou fè pwosesis elektoral la rive nan bout li.

Nou mande pou Egzekitif la sispann jwe ak dwa sitwayen yo genyen pou patisipe nan zafè peyi a, gras ak estrikti ki solid, epi ki mache kòm sa dwa.

Nou mande Egzekitif la fè plis jefò pou esplike popilasyon an sans estrikti Leta genyen nan nivo seksyon kominal ak komin yo. Paske, sèl garanti pou tout bagay mache kòrèk, se sitwayen yo yo menm. Sitwayen yo gen dwa konnen, epi yo dwe jwenn bon enfòmasyon kòrèk ki pèmèt yo konprann ki wòl enstitisyon yo genyen.

Komite Egzekitif Jilap Nasyonal Jistis ak Lapè
4 oktòb 2007

Note de presse sur les élections indirectes

Le Comité Exécutif de la Commission Nationale Justice et Paix s'est réuni à la Villa Manrèse (Port-au-Prince) de 1 au 5 octobre 2007. Les membres viennent de tous les départements du pays. Lors de la rencontre nous avons partagé notre inquiétude face au nouveau blocage du processus électoral.

Les elections pour les collectivités territoriales se sont déroulés dans le pays depuis le 3 décembre 2006, et le 21 avril 2007 des reprises ont été organisées en certains lieux. Le 25 juillet et le 11 septembre 2007 les résultats ont été publiés dans le Journal officiel du pays. Le CEP a préparé un avant projet de loi en vue de l'organisation des élections indirectes, qui a été remis à l'Exécutif le 24 mai 2007. Dès lors on semble oublier la suite des élections.

Entre-temps, dans la presse le débat est ouvert sur les élections sénatoriales et on discute sur un CEP permanent. **Mais, il ne peut y avoir de CEP permanent, si d'abord on en termine pas les élections liées aux collectivités territoriales.**

Est-ce que nous nous trouvons devant une nouvelle crise institutionnelle ? Le Pouvoir Exécutif détient une grande responsabilité, paske le ballon est dans son camp. A lui de créer les conditions qui permettent l'organisation des élections indirectes.

Une bonne partie de la population se montre peu intéressée par ces élections, parce que ils manquent de comprendre leur importance. Et pourtant :

- Les élections indirectes doivent **compléter les Assemblées municipales** avec les représentants des sections communales ;
- Les élections indirectes doivent permettre d'**organiser les Assemblées départementales et le Conseil interdépartemental**.
- Les Assemblées départementales doivent proposer les candidats pour le **CEP permanent**.
- Les différentes Assemblées, chacune à son niveau, chacune selon ses compétences, doivent proposer des candidats pour la nomination de juges aux différents niveaux du Pouvoir judiciaire.
- Les Assemblées représentent la population à différents niveaux lors de la réflexion sur le plan de développement pour la Nation.

Tout ce travail reste en chemin, parce que l'Exécutif ne soumet pas au Parlement le projet de loi sur les élections indirectes. Entre temps, les nouvelles autorités se donnent à de nombreux abus, parce que le pouvoir central manque de prendre ses responsabilités.

- En de nombreux endroits, les délégués de ville ont prêté serment et ont reçu des badges. Pourtant, les délégués de ville seuls ne peuvent former une Assemblée municipale.
- La faiblesse des institutions et le manque de bonne information sur leur rôle et fonctionnement ouvrent le chemin à de nombreuses injustices, violations des droits humains, banditisme et insécurité en province.
- Certains Casec se proclament juges ou chefs de section : ils opèrent des arrestations, émettent des mandats, fixent les prix des contraventions ; il y en a qui nomment des aides ou qui font appel à des dépisteurs, comme dans le temps des chefs de section et leurs *choukèt lawouze*. On nous signale des abus de ce genre à Fonds Baptiste et Petit Goave (département de l'Ouest), à La Montagne (Sud Est), dans les départements du Nord Ouest et la Grande Anse, pour ne donner que ces exemples.

Le pays ne peut plus supporter une nouvelle crise institutionnelle. Tous ceux qui détiennent du pouvoir, dans ce cas précis le Pouvoir Exécutif, doivent veiller sur la bonne organisation et le bon fonctionnement des structures de l'Etat.

Nous demandons à l'Exécutif de prendre toutes les décisions et dispositions pour faire aboutir le processus électoral.

Nous demandons à l'Exécutif de discontinuer à agir de façon légère avec les droits des citoyens et citoyennes pour participer à l'Etat, à travers des structures fortes qui fonctionnent correctement.

Nous demandons à l'Exécutif de déployer plus d'efforts pour informer la population sur l'importance des structures étatiques au niveau de la section communale et de la commune. Les citoyens et citoyennes sont finalement le seul garanti pour le bon fonctionnement de ces structures. Les citoyens et citoyennes ont le droit de savoir et de comprendre ; il doivent recevoir des informations correctes qui permettent de les apprécier à leur juste valeur.